

***DIAJAR NULIS CARITA PONDOK BERORIENTASI KA CIRI-CIRI JEUNG PLOT
NGAGUNAKEUN MODÉL PEMBELAJARAN DISCOVERY PIKEUN MURID TAHAP
F SMA NEGERI 12 BANDUNG.***

Ku

RAHMAH REFANI DZALFA

NPM 205030030

ABSTRAK

Ieu panalungtikan dimotivasi ku handapna kamampuh siswa dina nulis jeung kasulitan siswa dina nulis, hususna dina matéri nulis téks carita pondok. Salasahiji faktor anu ngabalukarkeun éta hal nyaéta siswa hésé nangtukeun kecap kahiji, salian ti éta siswa ogé kurang mampuh ngébréhkeun gagasanana. Kitu deui kurangna digunakeunana modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif ku para pendidik. Salasahiji modél pangajaran anu bisa digunakeun nya éta modél discovery learning anu bisa dijadikeun alternatif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis téks carita pondok. Tujuan dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks carita pondok ku cara ngalarapkeun modél Discovery Learning. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif. Hasil tina ieu panalungtikan baris ngabahas data nu geus dikumpulkeun ku pangarang tina subjék jeung objék panalungtikan, hasil ngolah data, jeung analisis ngolah data. Panulis geus nyusun hasil ieu panalungtikan sabada ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa kelas XI di SMAN 12 Bandung, ngawengku kelas XI-9 salaku kelas ékspérimén jeung kelas XI-10 minangka kelas kontrol. Rata-rata hasil pratés pikeun kelas ékspérimén nya éta 58,85 anu saterusna ngalaman kanaékan rata-rata hasil postés jadi 84,00 kalawan persentase ngaronjatna 37,4%. Samentara éta, rata-rata hasil pratés kelas kontrol nya éta 57,70, anu ngalaman kanaékan rata-rata hasil postés 70,90 kalawan persentase ngaronjatna ngan 30%.

Kata Kunci: Carita Pondok, Eksperimen, Discovery Learning, Penokohan, Alur